ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

ЧАБЫЕ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№184 (23.592) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий Дзэм хэкIыжа офицерхэм я зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо чэнджэщакIуэ комитетым и секретарь нэхъыщхьэ Къумахуэ Анатолий Iуощ

Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий IущIащ Запасымрэ резервымрэ щыIэ офицерхэм я зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо чэнджэщакIуэ комитетым (МКК) и секретарь нэхъыщхьэ Къумахуэ Анатолий.

ДУНЕЙР зыгъэгулэзу щыт терроризмэмрэ экстремизмэмрэ гъэмэщIэным пщIэ зиIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым, а мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэм IэщIэкIэ зэщIэуэзда кърухуэмрэ нэгъуэщI къарузехьэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэр къешэлIа зэрыхъунум тепсэлъыхьащ. Къэрал 28-м (СНГ-м, Европэм, Азием, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум) я лIыкIуэхэр зыхэт МКК-м, къыщыхагъэщащ зэIущIэм, Iэмал гъуэзэджэхэр иIэщ лъэпкъ шынагъуэншагъэм ехьэлIа гугъуехьхэм нэхъ зыубгъуауэ гу лъаригъэтэну.

ЩIналъэм куэд щызэфIагъэкI егъэлеиныгъэ зыхэлъ гупсысэм псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр демыгъэхьэхьным, арщхьэкIэ, къыхихыгъэщащ КIуэкIуэм, ар зи сэбэп зыхэлъ лъэныкъуэ псомкI къарур щызэщIагъэуIуэн хуей лэжьыгъэ IэнатIэщ.

Европэм и Iуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэм япэу цIыху куэд зэгъуэзу зэрыдзэкIуейрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу «Iуащхьэмахуэ 1967 - 2017» дунейпсо альпиниадэр егъэкIуэкIыныкIэ дэIэпыкъуэгъу къаззрыухъуэм къыхэкIыу Къумахуэ Анатолий Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафощIхэм фIыщIэ яхуищащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КIуэкIуэ Юрий Битаров Вячеслав ехъуэхъуащ Осетие-Ищхъэрэ Алание Республикэмрэ Владикавказ къалэмрэ я махуэхэмкIэ

«ФокIадэм и 24-м Осетие Ищхъэрэ-Аланием щагъэлъапIэ Республикэм и махуэмрэ Владвикавказ къалэм и махуэмрэ. Гуми псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу Битаров Вячеслав Залымхъан и къуэм, къуэш республикэм щыпсэу псоми.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ Осетие Ищхъэрэмрэ я лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэпыщIащ зэныбжьэгъугъэкIэ, зэгъунэгъуфIагъкIэ, экономикэ зэдзэлажьэныгъэ куэдкIэ.

Нобэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щызэфIагъэкI туризмэм, промышленностым, агропромышленнэ комплексым ехьэлIа проект абрагъуэрэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ объектхэр щаухуэ. Шэч хэлъкъым, республикэр дяпэкIи лъэ быдэкIэ иригъэкIуэнущ ефIэкIуэныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ я гъэзугм.

АдэкIи ехьэлIэныгъэ, мамырыгъэ, гуапагъэ, зэIуэпэщныгъэ фиIэну», - итщ щIналъэм и унафэщым и хъуэхъу тхыгъэм.

ДЫКЪУЭ Ринэ.

КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ «Мариинский - Владикавказ» Япэ Дунейпсо Кавказ фестивалыр къыщызэIуахым

Владикавказ щекIуэкIащ «Мариинский - Владикавказ» Япэ Дунейпсо Кавказ фестивалыр. Ар гуфIэгъуэкIэ къыщызэIуахым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КЪЫЗЗХУЭСАХЭМ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Голодец Ольгэ**.

МакъамэфорумымкIыщIидзащ **Гергиев Валерий** и унафэм щIэт Мариинскэ театрым и Симфоническэ оркестрым, пианист цIэрыIуэ **Мацуев Денисрэ** Кавказ Ищхъэрэм зэфIэкI зиIэ инструменталистхэмрэ дзащIыгъуу. Абыхэм яхэт Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ гъуазджэкмкIэ школым и гъэсэн Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Щоджэнцыкlу Iэсхьэд (фортепианэ).

Оперэ, балет пщыхьэщхьэ инхэмкIэ фестивалыр иухьнущ фокIадэм и 29-м.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Ставропольем щагъэлъапIащ Крайм и махуэмрэ щIналъэм и къалащхьэр илъэс 240-рэ зэрырикъумрэ. Дауэдапщэхэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр

Крайм и махуэмрэ щIналъэм и къалащхьэр илъэс 240-рэ зэрырикъумрэ Ставропольем щагъэлъапIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр хэтащ икIи къыщыпсэлъащ абыхэм ехьэлIа дауэдапщэхэм.

КIУЭКIУЭ Юрий ставрополдэсхэм гуапэу ехъуэхъуащ я махуэшхуэмрэ къалэм и юбилеймрэ папщIэ, ар Кавказ Ищхъэрэм и административнэ, политикэ, Iуэхущ Iапl э, щэнхабзэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр къыхихгъэщри.

Илъэсипщ1 зыбжанэ хъуауэ, жиIащ КIуэкIуэм, Ставропольер щытащ икIи къонэ къэралым и гъавэщIапIэ икIи узынщагъэр щрагъэфIакIуэ щыпIэ нэхъыщхьэу, зэгурыIуэрэ зэдзIуэжу лъэпкъ куэдхэм ящыщхэр щызэдэпсэууэ. Ар, къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм, кроклIуэ **Владимиров Владимир** зи пашэ субъектым и унафэщIхэм я псэемыблэж лэжьыгъэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я зэхуаку игъащIэ лъандэрэ къуэш зэхущытыкIэ гуапэ дэлъу. Дэ ар тфIэлъапIэщ икIи ди мурадщ ди лъэпкъхэмрэ Урысеймрэ я фIагъ хэлъу зэныбжьэгъугъэмрэ зэдзэлажьэныгъэмрэ дгъэбыдэну», - жиIащ КIуэкIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм журналистхэм я упщIэхэм жэуап яритащ, и лэжьэгъуэм ядэщIыгъуу творческэ утыкухэмрэ лъэпкъ пщIантIэхэмрэ щыIащ.

Ингушымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Москва щызэхэта гуфIэгъуэ щыщIэщхьэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Юрий

Кремлым и Къэрал уардзунэм гуфIэгъуэ щыщIэщхьэ щекIуэкIащ Ингушымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.

КАВКАЗ Ищхъэрэм и щIналъэтIым я унафэщIхэм, куэду къызэхуэса хьэщIэхэмрэ кърагъэблэгъахэмрэ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ **КIуэкIуэ Юрий**.

Парламентым, Правительствэм, республикэм зэрыщытыр къабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр гуапэу ехьэхъуащ Ингушымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыпсэуэхэм я лъэпкъ автоном къэхъуныгъэхэм я жылагъуэ-политикэ ухуэкIэр зыгъэбелджыла, къэрал-хабзэ мыхьэнэр къэзыIэта Iуэхугъуэ дахэмкIэ.

Республикэхэм къыщыхъу зэхъуэкIныгъэфIхэр, жиIащ КIуэкIуэм, къыхокI социальнэ, жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытныгъэр гъэбыда зэрыхъум, федеральнэ центрым фейдэ пылъу зэрыдзлажьэм, тхыдэм и лъахъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм субъектхэм я унафэщIхэм ирагъэкIуэкI политикэ Iущым.

«Ди фIэщ мэхъу Урысейм и лъэпкъхэм я зэмылIэужьыгъуэгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ лъапIэгъэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытар икIи апхуэдэу къызэрынэр, дыхущIэкъуэнущ а щIэин иныр тхъумэну икIи дгъэбэгъуэну, зыужьныгъэмрэ къэкIуэну дахэмрэ, ди къэралым и лъэщагъымрэ и зэщIэгъэныгъэмрэ я хэкIыпIэу зэрырыщытыр къэтлъытэкIэрэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэр ехьэхъуащ Ингушымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я лъэпкъхэм мамырыгъэ, гуапагъэ, насыпэ, зэIуэзэпщныгъэ яIэну.

УРЫС Дахалинэ.

● КъБР-м и Парламентым

Бжьыхьэ зэхуэсыр къызэIуах

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ ирегъэкIуэкIащ бжьыхьэ сессием и япэ зэIущIэр. Псом япэу ар ехьэхъуащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Коротких Ольгэрэ Хасаитовэ Лиззэрэ я махуэ лъапIэхэмкIэ. Бзылъхугъэхэм хуагъэфэщащ КъБР-м и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъхэр.

ЗэIУЩIэМ щыхахащ Налшык къалэм и суд Iуэхущ Iапl э №13-м и зэзыгъэкIуэ хеящIэу КIэш Заремэ. Депутатхэр арэзы техьауащ Бондарев Николай КъБР-м и Хэкакlуэ комиссэм хагъэхьэну къызэрагъэпэлъэгъуэм. КъБР-м и Парламентым и депутатым и къалэнхэр щхьэщахащ Къардэн Мурат, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу зэрагъэувам папщIэ. Егоровэ Татьянэ Къардэным ехьэхъуащ жэуапныгъэ зыпылъ Iэнатlэм ехьулIэныгъэ щIэну. «Ди къалэныр псоми зыщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыдгъэфIэкIуэнум дытелэжьэнырщ. Сыщогугъ лъжьыгъэ купщIафIэ зэдетхьэкIыну», - жиIащ Къардэн Мурат.

Депутатхэм зэхъуэкIныгъэхэр халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэзыгъэкIуэ хеящIэхэм я IэхъуэкIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и рынокхэм лжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым я IэхъуэкIэ» КъБР-м и Законхэм. Иужьрейм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мэкъумэш (фермер) хозяйствэм и Iэтащхьэм къищынэмыщIауэ, сату щIыпIэ зэрыхухахыныкIэ зэгурыIуэныгъэхэр ящыну дяпэкIэ хуит хъунущ апхуэдэ Iэнатlэм хэтхэми. - Мыпхуэдэ зэхъуэкIныгъэхэм я фIыгъэкIэ мэкъумэшым елэжьхэм я Iэхъуэр нэхъ тынш хъунущ, сыту жыпIэмэ гупыж зыщI дэтхэнэри хуитщ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм Iэ традзэну. ЦIыхухэм депсэлъа нэужькIэ, наIуэ тщыхъуащ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэрысэбэпыр, - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицхэмрэ хьэрычэт Iэхъуэкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ къащтащ «КъБР-м и пенсионерхэр ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэйм 2018 гъэм зэрыхагъэхъуэнум теухуауэ» КъБР-м и хабзэм и проектыр. Ахъшэр федеральнэ Законым къыщыгъэлъэгъуам хуэдиз ящыным тещIыхьащ. Пенсэм щыс цIыхур ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэу зыхуейр гъэувыныр къыхалъхьащ пенсэм къыдыщIагъынур яубзыхун папщIэ. КъБР-м Пэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу ядэIэпыкъуныкIэм и министр **Тюбеев Альберт** зэрыжиIамкIэ, щIналъэм пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу къыщыхьынур федеральнэ законым тещIыхьауэ щыхуагъэувкIэ, абыхэм социальнэ ахъшэкIэ къэралым защIигъэкъуэнущ.

ЗэхъуэкIныгъэхэр халъхьащ КъБР-м и Парламентым 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м зыхэплъа, «Боттаев Хьэдис и щыгу» фIэщыгъэр Iуащхьэм етыныкIэ Шэджэм Иткъ къуажэм щыпIэ самоуправленэмкIэ и советым къыхилъхьа Iуэхум теухуа проектым. Унафэ къащтащ «УФ-м и Бюджет кодексым и 50, 56-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр УФ-м и Къэрал Думэм хабзэгъэув жэрдэму къыщагъэтьэгъуэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и бюджетыр 2017 гъэм и япэ мазихым зэрагъэзэщIам. КъБР-м финансэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Лисун Еленэ** зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и бюджетым и хэхъуэхэр сом меларди 10-рэ мелуан 541,8-кIэ ягъэзэщIащ, ауэ блэкIа илъэсым апхуэдэ и пIалъэм ебгъапщэмэ, хэхъуэхэр сом меларди 2-рэ мелуан 513,4-кIэ хэхъ мащIэщ. Республикэ бюджетым и налог, налогым хэмыхьэ хэхъуэхэр 2016 гъэм елъытауэ сом зы мелардрэ мелуан 930,5-кIэ екухащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, 2017 гъэм и япэ илъэс нэхъуэм ар сом меларди 2-рэ мелуан 513-рэ мэхъу. Къэпсэлъам къыхигъэщащ фадэмкIэ акцизхэр ирикъуу щIналъэм къызэрыщыIэрымыхьари.

Республикэм кьиГъэсэбэпам и гугъу щищIым, Лисун Еленэ жиIащ, ар сом мелард 13-рэ мелуан 419,4-рэ зэрыхъур (илъэсым тращIыхьам и процент 44,5-рэ мэхъу). Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылъкур хущыщIэу къагъэлъэгъуащ сом меларди 2-рэ мелуан 878-м. Къэрал щыхъэр 2017 гъэм и бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу сом мелард 12,4-рэ мэхъу.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советым и унафэщI Мухаметшин Фарид КъБР-м и депутатхэм фIыщIэ псалъэкIэ закъызэрыхуигъэзар, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгъэхъэрэ илъэс 460-рэ щрикъум щIыналъэм щекIуэкIа Iуэхущхьэкlа зэгурыIуэныгъэм лъэныкъуэмкIэ щIналъэм и къэрал-хабзэ зэрыщIэн и хъер ялъэгъуну и фIэщ зэрыхъур.

Лыш хъыфэ зиIэхэм хуащIа медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр егъэфэкIуэным теухуауэ ялэжьхэм КъБР-м уэзыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и къуэдзэ Асанов Алим ищIа докладым зэIущIэм щедэIуащ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Сурэтыр **IЭХЪУЭБЭЧ Илья** *трихащ.*

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэрэгъун Арсен

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм Бэрэгъун Арсен щыхахащ КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIу.

БЭРЭГЪУН Арсен Мухьэмэд и къуэр 1958 гъэм Аруан хуажэм къыщалъхуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ, физикщ, экономистщ.

1981 - 1982 гъэхэм КъБКъУ-м и щIэныгъэхъухтакIуэ къудамэм и инженеру лэжьащ. Къыкlэлыкlуэ илъэситIым КъБАССР-м гъэшхэкI промышленностым и къудамэм и инженеру щытащ.

1984 гъэм къыщыщIэдзауэ 1991 гъэ пщIондэ Бэрэгъуныр щылэжьащ республикэм и комсомол Iуэхущ Iапl эхэм.

1991 - 2006 гъэхэм хьэрычэт Iуэхум хэтащ. 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ Бэрэгъун Арсен «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Аруан районым щIэ Iэкъудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий лэжьыгъэ Iуэхукlэ Iущ Iащ ВТБ банкым и вице-президент нэхъыжь Ерёменкэ Руслан

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэIущIащ Премьер-министр Мусуков Алийрэ Корпорацэ сетым и департаментым и унафэщI - ВТБ банкым и вице-президент нэхъыжь Ерёменкэ Русланрэ.

ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ АПК-м и Iэнатlэхэр мылъкукlэ дэIыгъыным. Абы хохьэ льготэкlэ ят кредитхэм я программэхэм яубыдэжу, субъектхэм щылажьэ хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэжрэ курытхэмрэ теухуа инвестицэ проектхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту халъхьа кредит ахъшэр сом меларди1 мэхъу.

ЗэIущIэм хэтащ ВТБ банкым КИФЩI-м щиIэ къудамэм и унафэщI Дыренкэ Александррэ Къэрал-хабзэ къалэ дэт ВТБ офисым и директор Бещтокъуэ Жыр-Аслъэнрэ.

УРЫСОКЪУЭ Тенджыз.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэм ухегъаплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ республикэм и нобэрей гъащIэм щыгъуазэ ухуэзыщI, абы и щыпIэ дахэкIэ къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр щызэхуэхьэса «Кабардино-Балкария» тхылъыр.

«КАВКАЗ Курыкым и нэхъ лъагапIэ щыпIэм хуоз Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIналъэр. Абы и гъунапкъэхэр ипщэ лъэныкъуэмкIэ - Курскым, ищхъэрэмкIэ - Ставрополь краим, кьухьэпIэмкIэ - Къэрэшей-Шэрджэсым, къуэкIыпIэмкIэ - Осетие Ищхъэрэ - Аланием йокIуалIэ. Псори зэхэту КъБР-м и щIналъэр километр зэбгъуэнатlэу мин 12,5-рэ мэхъу. Илъэсым и махуэ нэхъыбэр дыгъэпсу зэрекIуэкIым, щIыуэпс тебльадж зэриIэм, щIыгулъ бэвылъэу зэрыщытым мы щIыпIэм сытым дежи цIыхухэр кьрешалIэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ мыбы щопсэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я бжьыгъэ мин 864-рэ мэхъу, абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм и лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Ди республикэр зыхьыхь къэралым и мызакъуэу, хамэ щIналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуащ абы и цIыхухэм я зэфIэкI лъагэхэмкIэ, я ехьулIэныгъэхэмкIэ, апхуэдэуи дуней псом и туристхэр кьезышалIэ и щIыпIэ дахэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэ купщIафIэм, абы и щIыуэпс тельыджэм теухуащ, тхылъыр», - дыкьыщIоджж пэублэ псалъэм.

Къыдэкlыгъуэр Iыхьитхуу зэхэлъщ: «Дыгъэпс щIналъэ», «Щэнхабзэ. Егъэджэныгъэ. Узынщагъэр зыужьмэнымкIэ Iэнатlэ. Спорт», «Промышленность. Мэкъумэш хозяйствэ. Хуэныгъэ», «Налшык - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэщхьэщ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ауэхэр».

Дэтхэнэ зы Iыхьэми дзэмуэхэ унэтIныныгъэр зэпкърыхауэ зыщIыгъэлъэгъуащ, республикэм и гъащIэм щекIуэкI зэхъуэкIныгъэхэм, зыужьныгъэхэм ущагъэгъуазэ, абы и цIыху цIэрыIуэхэм я ехьулIэныгъэхэм топсэльыхь, щIналъэр зэрызэхэлъыр, абы и щIыуэпсыр, и щIыгулъыр, и хуугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэм и гугъу щIыщIащ. Тхылъыр абы зи гугъу щIыщIа Iуэхугъуэхэр наIуэу уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ сурэт дахэхэмкIэ, я ехьулIэныгъэхэмкIэ, апхуэдэуи дуней псом и туристхэр кьезышалIэ и щIыпIэ дахэхэмкIэ.

«Кабардино-Балкария» къыдэкIыгъуэр екIуу гъэхьэзыра зэрыхъуар зи фIыщIэр абы елэжьахэрщ. Проектыр къыхэзригъэпэщащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан. Редколлегием хэтщ Цыхум и хуитныныгъэхэр хъумэныкIэ КъБР-м уполномоченнэу щыIэ Зумакулов Борис, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Беппаев Мутlалип, тхыдэджхэу Опрышко Олег, Дзэмыхь Къасболэт сымэ. Тхыгъэхэр игъэхьэзыращ лъахэхутэ, литературэдж Котляров Виктор. Тхылъым ихуа сурэтхэр трахащ Байсиев Ахъмэт, Елькъан Артур, Журт Хьэсэн, Къарей Элинэ, Листопадов Евгений, Мамий Руслан, Толгуров Камал, Щоджэн Жаннэ сымэ. Къыдэкlыгъуэр ягъэщIэрэщIащ сырэтыщIхэу Алий Юрэрэ Бгъэжьнокъуэ Заурбэчрэ.

Тхылъым и куэдагъыр 500 хъуэ аращ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иза.

● ТхылъыщIэ

НОВЕЛЛА

♦Ядернэ Iэщэр гъэкIуэдыжьыпэным щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦Нэгъуэщ1 къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ

♦Смоленск къалэм и лъабжьэр зэрагъэтIыльрэ илъэс 1154-рэ ирокъу.

♦1530 гъэм ягъэтIылъащ Чувашием и иджырей къалащхьэ Чебоксары и лъабжьэр.

♦Темрюк къалэр илъэс 461-рэ ирокъу.

♦Краснодар ухуэн зэрыщIадзэрэ илъэс 224-рэ ирокъу.

♦1896 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ инженернэ еджапIэр.

♦1941 гъэм Налшык щекIуэкIащ республикэм и парт активым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ **Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Украинэм и президент **Порошенкэ Пётр** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 29-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

УкIуриймэ къэтэджыжурэ щIэр мэув, къэтэджым укIурижурэ жьым и лъэр щIоху.

Щыр щымыэжыну сэ къысфощI,

Лъэпкъ журналистикэм, литературэм, публицистикэм зегъэужьыным зи гъащIэр теухуауэ псэу зырызхэм ящыщыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ къэшыдзкI тхылъхэм я редактор, тхакIуэ, журналист Iэзэ Джэрыджэ Арсен. Зы псалъэкIэ къызэщIэнхьэмэ, ар «цIыху гумызагъэр», - хужаГэ фIыуэ зыцIыхухэм, илъэс куэд щIауэ къыдэгъуэгурыкIуэхэм. Арсен и псэукIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ укIэлъыплъмэ, къэлъагъуГуейкIым абы лъэпкъым къыщищIа къалэныр жэуаплиныгъэ ин пылъу зэрырихьэкIыр. Ар гъащIэм игъэфIакъэм ящымыщми, къыхиха гъэгъуанэм хуэзэуэ, къыпощIыжьа псоми ерыщу пэщIэту къэгъуэгурыкIуэ цIыхуш.

Джэрыджэ Арсен 1947 гъэм фокIадэм и 26-м Жэмтхъэлэ къуажэм къыщалъхуащ. 1965 - 1970 гъэхэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. Иджыри студенту тхэн щIэзыдза Арсен и япэ усэхэр ихуащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьаса «ЩIалэгъуэ ауэ» тхылъым. Абы къыкIэлыкIуащ «Жэщ уэрамхэр», «Сэ еджакIэ зызэгащIэ», «Си шыпхъу цIыкIуу Дахэуэс», «Уэрамыщхь» усэ тхылъхэр. «Адыгский Олимп» фIэщыгъэм щIэту адыгэ спортсмен цIэрыIуэхэм ятеухуа тхылъитIи игъэхьэзыращ абы. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, Шэджэм къыщыдэкI район газетым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская неделя» газетхэм, радиом, телевиденэм, «Іуащьхэмахуэ» журналым щылэжьащ, пIалъэ гуэркIэ абы зэрихьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ министрым и къуэдзэ къулыкъур.

Джэрыджэ УФ-м и Журналистхэм, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. Илъэс куэд хуауэ республикэм хьэлэту зэрыуэлажьэм папщIэ 1999 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр къыфIащащ.

Мы тхыгъэр щыдгъэхьэзырым Арсен теухуауэ тхыгъэ куэд зэрыщымыIэр къэтлъытэри, абы и гъащIэм зэгъусэу дриплъжьныр тфIэзахуащ. Ар фэри ффIэгъэщIэгъуэныну дыщоугъ.



Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэр

● Гумызагъэ

Бзэр фIыуэ тхуэгъэшэрыуэркъым

- Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, уи сабиигъуэр зауэ нэужь зэман хэпъэмкIэ ирихьэлIат, а лъэхъэнэм хэпсэукIахэм «сабиигъуэ зимыIакIэ» йодж. Унагъуэр зыщыгугъ уи адэм зыщIэбгъэхъуэм мурадкIэ 9-нэ класс нэужьым колхозым щылэжьэн щIэбдзауэ щытащ...

- Си ныбжьым ита куэдым хуэдэу, сэри си сабиигъуэр гугъуу щытащ. Си шыпхъу нэхъыжьхэр курыт еджапIэм кIуэн щхьэкIэ ахъшэ ирату щытащ а зэманым, абы иратын ямыIэу еджэну щIэхъуэпсэ Iэджэ къыщынэ щыIэт. Сэ къысхэущIэжыркъым махуэкIэ тхылъ деджэну зэгъэр дыкъ-щIыхьауэ, пщыхьащхьэм фэтыджэнкIэ деджэуарэ, кIыхьлIыхьу дыщысуи къытхуадэртэкъым, фэтыджэн куэд дымыгъэсын папщIэ. Сэ сыкъысыхэкIар унагъэшхуэу, зэшыпхъиитхуэр зэкъуэшитхурэ дыхъуэри, ди адэм и закъуэт лажьэр къэхъуащ. Ари зэрылажьэр трудодень тIокIут. Колхозым кърихьэлIэжа гъавэм къэралым и Іыхьэр хигъэкIырти, кьэна мащIэр и лэжьакIуэхэм ятригуэшэжырт. Нобэ хуэдэу соцIэж, граммэ бжыгъэ фIэкIа мазэм щыкIуэмызэ кьэхъурт. Ар унагъуэ сщIэркъыми, зы цIыхум пшхыну урикъунутэкъыми, дэри зэрытхуэзэфIэкIкIэ ди адэм зыщIэдгъакъуэрт, щIакхъуэ Іыхьэ кьыззэрыдлэжьыжьыми дыхущIэкъуу. Колхоз хадэр къэзыгIэжи ди анэр яхэтт, абы жэщ хуэдэу щыIэти, жэщыбгъуи ди шыгъуэгу хадэр къитIыпт. ИужькIэ, ди жыг хадэм къыпыкIэн щIидза иужь, ди Іуэхур нэхъ зэтеуваж, кьуажэр кьэхъуапсэу унэ лъаги тщIат. Аущ а жыгхэм еплъыхукIэ, си анэм и нэпсыр кьыфIыщIэжырт. А зэманым щыIа жыгхэм илъэс тIощIым щIигъукIэ къапыкIэртэкъым. Ауэ щыхъуукIи илъэс къэс налор ящхьащIптыкIын хуейт. Жыгым къыпыкIэн щIидзэжу бэлыхьышхуэ дашэчащ.

Мэзхъумэзэри, хьэсэпэхъумэзэри, бригадирэри, колхозым и унафэщIэхэри цIыку дыджт - зэманым апхуэдэу ищIауэ арагъэнт... Пхъэ гъур тIэкIу къэтщIипауэ мэзхъумэм дыкъыпагъумэ, шууэ къытIкIэльыжэрт, ди кIапсэр зэпипущIырти, пхъэр трихыжырт. Колхоз тхъэмадэм къэрал фIэкIа цIыхуэхэр псэуи хуейуэ ищIэртэкъым, школым дызэрыщIэтIысхьажу, класс нэхъыжьым щIэсхэр дыкъыхаашырти, мазиткIэ хадэм дыщагъэлажьэрт. КIэртIоф къэттIыжам щыщ дгъэжьауэ дыкъаубыдмэ, мыхьыр дагъэхьырт. Апхуэдэуэрэ ебгъуанэ классыр къэзуха иужькIэ, курыт еджапIэм сыкъыщIэкIри, жэщ еджэм сахэсу, фермэм сыщылэжьащ. ИтIанэ кьалэм сыкъакIуэри, унэ зыщIэкъм сахэту зыкъомрэ есхьэкIащ.

- Университетым ущIэтIысхьэн дауэ утегущыхуэт?

- Жэщ еджэу къэзэрызыхуэхэм и зэранкIэ, курыт еджапIэм щызэзгъэгъуэта щIэныгъэм лъабжьэшхуи иIакъым, ауэ еджэнэр сыт щыгъуи сфIэфIу зэрыщытам сыкъргъэлырт армыхъэмэ. УхуакIуэм пылъ гугъуехьыр зэрыниыр згъэунэхуа иужь, седжэну мурад сщIыри, си дэфтэрхэр университетым естыну сыкIуащ. СызыщIэтIысхьэну факультетыр иджыри къыхэзмыхуаэ, сикIуэ сыкъикIуэкIыпу сызэщыутым, цIыхубз гъэр къызбгъэщIэтым, си Іуэху зытетыр къыщиIэм, адыгэбзэм сызщIэтIысхьэну къызщэнэджащащ. Арати, сытегушхуащ. Экзаменхэри фIы дыдэу ттат, ауэ а зэманми нэфI-ней зэрахьэрти, сэ вольнослушателу сыкъащтэри зи цIэр пэжу зыхуэмытхыжхэр щIагъэтIысхьат. ИужькIэ, илъэс ныкъыэ дэкIыжауэ, экзаменхэр ттыри зи еджэкIэр ягу ирихьэхэр дыщIагъэтIысхьэжауэ щытащ. Дэ къыддеджахэм цIыху цIэрыIуэ, тхакIуэ, усакIуэхэр, кхъыкIуащIэхэр къахэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэсэIыщIэ МухьэмэдI, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан, тхакIуэ, усакIуэхэу Іутlык Борис, Сонэ Абдулчэрим, Гъэунэ Борис, щIэныгъэлIхэу БакIуу Хьанджэрий, Думэн Хьэсэн, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ, нэгъуэщI куэди.

- Къэлэпытэ хъуну литературэм уэрэдиихьэхар зи фIыгъэр университетым уэрыщIэтIысхьарауэ. Сэ зэрысщIэмкIэ, арат уи япэ усэр щыптхар?

- ЖыIэгъуейщ ар. Ди анэшхуэм дин щIэныгъэ бгъэдэльти, абы и жьауэм дыщIэту, хьыбар дахэхэр къыджиIэжу дыкъэтэджащ, хуабжьу бзэ дахэ иIэт. Абы уаз щиткIэ уэрэд жиIэм хуэдэт. Ди адэмкIэ си адэшхуэр уэрэдуси, шыкIэпшынаэуэу Къэбэрдейм къыщрашэкIыу щытащ. Уеблэмэ, Агьнокъуэ Пашэ и усэхэм языхэзыхьа абы и щIэр къыхощ. Ди адэм уэрэдыжьхэр фIыуэ ильагъурт, куэд дыди ищIэрт. ИтIанэ, колхозым сыщыщылажьэм, лIыжьхэм сахэту, хьыбарыжь Iэджэ къызжаIэжу есхьэкIащ. Абыхэм я фIыгъи хэлъу къыщIэкIынщ сэ сызэрытхэм, ауэ университетым сыщIэмыIтIысхьамэ, сытхэну сытегушхуэну къыщIэкIынтэкъым.

- «ЩIалэгъуэ ауэ» тхылъыр университетым фыщIэсу къыдэгъэкIащ. Абы къыкIэлыкIуащ «Жэщ уэрамхэр» зыфIэпIэща уи тхылъ щхьэхуэри. Апхуэдэ лъэбакъуэр... псом хуэмыдау ущищIалэгъуэм деж, дамэ къыпIэзыгъакIэ Іуэхугъуэщ. Сыт хуэдэ увыпIэ щаубыдат а тхылъхэм уи гъащIэм?

- Университетым дыщIэтIысхьахэм мурад тщIыри, «Адыгэ хасэ» блын газетыр къыдэдгъэкIын щIэздзауэ щытащ. А зэманым «Хасэ» псалъэр утыку кIыпхъэу яфIэфIыщIэтэкъым. Ар адыгэр къэушыжьын щыщIидза лъэхъэнэгу зэрыщытэ хъунущ, ауэ абыи и бийхэри мащIэткъым, дагъэшынэну, дауэмыгуну, университетым дыщIадзыжыну хэтахэри мащIэтэкъым. «ЩIалэгъуэ ауэ» тхылъым ихуар си студент усэхэрат. «Жэщ уэрамхэр» усэ тхылъыр етхуанэ курсым сыщIэсу къыдэзгъэкIати, хьэлупс сащIри, си лъэр схущIаудат куэдым. «Уеджэным и пIкIэ усэ ботхри ущIэсщ», - жаIэри сыкъракъухат. Уеблэмэ, къэрал экзаменми сыщIагъэхьэн ядатэкъым.

- Журналистикэм и лъэныкъуэкIэ куэд бгъэунэхуащ, радиоми, газетми, телевиденэми ущыщIащ. Сыт хуэдэ увыпIэ уи гъащIэм щиубыдрэ абы?

- Дэнэ сыщылэжьами, журналистикэм пэIащIэу зэи сыщытакъым. А Іэнатlэр куэдкIэ гъащIэм сэбэп къыщыхсуэхьауащ. Абы цIыху гъащIэгъуэн куэд къызэрыгъэльхуащ, щыпIэ куэдми а Іэнатlэм и фIыгъэкIэ сыщыIащ. Ауэ щыхъукIи, журналистикэр хуабжьу Іэнатlэ гугъуащ. Дэтхэнэ абы и унэтIынгъэм сыхьыхьами щIэрыщIэу сыхуеджэжырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэми езым и хъыбар къэIуэтэкIэ, бгъэдэльхьэкIэ щхьэхуэ иIэжщи. Утеужгъэуну зэи хуущIыхьэртэкъым журналистикэм. Абыкlэ фIыщ.

- Уэ узэрелIэмкIэ, журналистикэр тхакIуэ Іуэхум зэран хуэхъуэ?

- ТхакIуэу къалъхуам зэран хуэхъуфын щыIэкъым. Ауэ тхакIуэ хъыну ущIэхъуэпс и къудеймэ, журналистикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI псори щхьэусыгъуэ хъунущ. Ауэ гуKи псэкIи утхакIуэу, журналистикэм ухыхьэмэ, нэхъ утынышну къысщIоху. Ауэ дэ дызыхэта журналистикэм ухэту утхэпэуми зэи ухущIыхьэртэкъым журналистикэм. Абыкlэ фIыщ.

- 1989 гъэм щыщIэдзауэ «Адыгэ хасэм» жыджэру ухэтащ. Сыт хуэдэ Іуэхуэр къэфIэта, зыфIэгъэкIа а лъэхъэнэм?

- «Адыгэ хасэр» къыщежьа зэманым «хасэ» псалъэр кьызэрыдгъэсэбэп, зэрыфIэтща къудеймэ щхьэкIэ ней-нейуэ къыщIэплIырт. Нало Заур ди пашэу хасэр щIэзэхьыхьагъащIэм дызэхуашэсырти, псалъэмакъ кIыхьэр едгъэкIыну дыдзэкат. Ди зэсфIэкIыр нэхъ ин хъуну, политикэ Іуэхури нэхъ къыхьыхьэурэ зиужьащ. Хасэм и зэфIэкIыр нэхъ ин хъун папщIэ щы Іуэрэхэр къеIытхуэ дгъэлэжьэну тедухуат, арщхьэкIи и кIэм тхунэгъэсакъым. А зэманым гукъеуэ зиIэ псори хасэрат тхьэусыхакIуэ кьызэдэкIуэ. Дзэри тхуэзфIэкIыр яхэтщIэрт, куэдми дадэIэпыкъурт. Ауэ кIэ пэтми цIыхухэр зэхъыбжжкIэ къытщыгугъырт, уеблэмэ республикэм и Іэтащхьэм и къару кьиныкъым куэд яхэтщIэн хуейуэ ягъэувырт. Кьуажэхэм дыкIуэрэ цIыкухэм дахуэзэрт, дыщIадзыжыну хэтахэри мащIэтэкъым. «ЩIалэгъуэ ауэ» тхылъым етхуанэ ятеухуа тхылъ-тхылъ. Хьэзыр тщIа иужькIэ тхылъыр кьытхуэзэгъэкIын щыдмыгъуэтым, Истамбыл тхьац. А лъэхъэнэр ахъшэм и зэфIэкIыгъуэм ирихьэлIэри, тхылъ тедзапIэгъэ кьыжраIам хуэдищкIэ нэхъыбэ етхын хуей хъуат. Хьэсэн и автомашинэ щIэрыпсри, пэшитI хъу и унэри ищжри абы хилъхьат. Абдежми Іуэхур щызэфIэкIакъым, тхылъыр республикэм хъэтщэжа иужькIэ таможнэм щIэфыдри, абыи хьэлэфэлыкъ дыхаГэтат. Апхуэдиз гугъуехь дыхэта пэтми, етIуанэ тхылъыми дытегушхуэри кьыдэдгъэкIат.

- Иужьрей зэманым нэхъыбэу цIыкIуэхращ узыхутэкIэ. Кьуажэм нэхъ гугъуу кьалъытэ сабий литературэм уэрэдыкъуэкIуам утеэгъэпсэлъыхьынут.

- Псом япэрауэ, сэ сыусакIуэуи сытхакIуэуи зыкъызэрызмылIытэжыр кьыхэзгъэщыну сыхуейт. Сэ нэхъыбэу сыредакторщ.

Университетым кьыщыздеджэхэм псоми зыгуэр ятхырти, сэри сехъуэпса кьыщIэкIынщ. Тхэн щIэздзэри, етхуанэ курсым сыщIэсу си Іэрытхэр тхылъ тедзапIэм къэсхьу, Къэжэр Пётр щезгъэлъагъум, сIихащ. Зыкъом дэкIауэ кьыщытезгъэзэжьми, си тхылъыр кьыдигъэкIыну зэригъэхьэзырар кьызэIащ. Мыгувэу си япэ усэ тхылъыр дунейм къытехьащ. А лъэбакъуэм сытригъэгушхуэу сытхэн хуеями щхьэусыгъуэ бжыгъэнщэжэм сагъэтхэкIым. Ауэ радиом сыщыщIэм литературэ нэтын щыдгъэхьэзыркIэ лъэпкъ куэдым я литературэ адыгэбзэкIэ зэздзэкIыурэ куэд дыдэ зэхуэсхьэсауэ щытащ.

Сабий усэхэр, адрейхэми хуэдэу, зэзэмызэщ щыстхыр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэу сыщылажьа лъэхъэнэм тхылъ тедзапIэм и советым сыхэтти, илъэсым и планым дытепсэлъыхьну дызэхуэсауэ, сеплъри, сабий тхылъ зыри хэттэкъым. Абы техуауэ сыкъыщыпсалъэм, «Уигу кьеуэмэ, уэ тхыи, кьыздадгъэкIынщ», - кьызжаIати, сыкъэгубжьри, стхат. Иужькlэ къэзрылъху пхъурылъхуэр кьызэрыхуэри абыхэм ятеухуа е жаIа гуэрхэр стхыжрэ си сабий усэхэр зэхуэсхьэса хуауащ. ИтIанэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейт, сабий усэм зэхуэгупсаса зэрахэмытыр, езы сабийхэращ усэхэр сигу кьэзыгъэкIыр. Апхуэдиз, «Жаннэрэ нанэрэ» усэр. Анэшхуэр Жаннэ цIыкIум елъэIуат псы къыхуихьыну, «Алыхь къыпхуэсхьынмэ, нанэ, уэ крушкэр кьысхуущIэх закъуэ», - кьыжриIэжат. «Мамэ, дыгуасэ кьэсхьа двар нобэ си партэгъум иратыжащи, узогъэгуфIэ!», - жызыIари араща.

Иужьрейуэ кьыдэкIа «Анэжькьым и жьакIэ» тхылъыр хуабжьу зыхуей хуэзэу кьызэрагъэпэщат. Урыс Хьэтэлий и къуэм и пхъур Москва щопсэу. Ар си деж кьыщIыхьэри, Москва щыIэ адыгэхэм я сабийхэр адыгэбзэкIэ зэрырагъэджэн тауэрыхъ ямыгъэуэту, хуит сщIымэ, си тхылъ цIыкIур кьыдигъэкIыжыну зэримурадыр жиIащ. Тхылъым усэ зыбжанэ кьыхихщ, елIалIэу сурэт хуригъэщIщ, мылькуIэ кьыдэIэпыкъуни кьыгъуэтыжри, кьыдигъэкIащ. Иужькlэ тхылъым и Іэтэуевэ Сэралъп Мадинэ и Артцентрым щыхуащIыжащ.

- Редактор лэжьыгъэр, шэч хэмылъу, къалэн тыншкъым, лъэпкъ литературэм и нобэрей щытыкIэм абы хуэдэу щыгъуазэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сыт хуэдэ литературэ диIэ нобэ?

- Редактор лэжьыгъэр зэрыгугъуи абы зэ зезыпщытар щыгъуазэщ: гукъанэ фIэкIа фIыщIэ лъэпкъ кьызыхэмыкI Іуэхущ ар. Зы тхыгъэ зэзгъэзэхуэжьын щхьэкIэ я нэхъ мащIэу щэрыщэ, пIлэрыпIлэ ебджэжын хуей мэхъу.

Курыт еджапIэм зэрыщщагъаджэ тхылъхэм сигу зэрыхуэмыгъуэр ищIэрти, Ацкъан Руслан кьызэлъэIури редактору лэжьэн щIэздзащ. Сабийхэр зэреджэ тхылъхэм куэд хуошхьэ. УхуэшхыдэкIи мыкъэнэ иIэкъым, ар кьыздзэгъэкIахэм зэфIэкIыу яIэр халъхьащи, ауэ пцIыр сыткIэ щхьэпэ, гугъу зыдезымыгъэхьэхэри мащIэкъым. Курыт еджапIэкэм зэрыщеджэн тхылъу кьыздэдгъэкIыжкам кьидмытхыкIыжауэ куэд яхэтткъым. ЩапхъэхэрэкIэ, усэхэр, тхыгъэхэр зыдохъуэкI, сабийм и нэм кьыIуидзэм куэд елытащи, сурэтхэри нэхъ егупсысауэ кьыхьыдох. Абы щыгъуэми я нэхъ мащIэрауэ, адыгэ тхылъхэр зэрызэхэдгъэхьэн программэ кьудей диIэкъым. Ауэ ди тхылъхэр иджы нэхъ зыхуей хуэзауэ кьыщыдзкI кьэхъуахьым, зэрылажьэн тетрадхэри псоми ящIыгъужщ.

ЛитературэмкIэ кьэдгъэзэжмэ, дэнэкIэ уплъэми щыыткIэр щызэхуэздащ. Урыс литературэм и Іуэхур хэплъагъуэщ, дэ тщIыху классикхэм пщIэ лъэпкъ яIэжкъым, етIуанэ махуэм пхъэнкIийм хэбдзэжьын защIэщ дунейм кьытехьэр, ари я тиражыр мин бжыгъэ хъууэ. Ар ахъшэ зэращI Іуэху ящыжащи, литературэм и Іэфыр щIалъэсыкI. Ди тхылъ тедзапIэм кьрахьэлIэ Іэрытхэм зыгуэр кьызэрыкIуэ яхэтмэ, сыгу фIэу си Іэщхьэлащхьэр дызохьейри, солжжь. Ди тхылъ тедзапIэм кьыдигъэкIа тхылъхэм яхэтщ хамэ кьэралыдзэкIэ зэбдзэкIмэ, узытемыукIытыхьыну, дуней псом щагъэвэхэм кьакIэрымыхунухэри. Дыкъэзыухъуреихь гъащIэм кьэзыдыкIыну игъэуэтами, адыгэм игукIэ и псэкIэ зихъуэжакъым Тхьэм и фIыщIэкIэ. Адыгэ дунейр адрей лъэпкъ зызыгъэпIийхэм нэхъра апхуэдизкIэ нэхъ лъагэщи, абы и хъыбар зэхэзых псоми яГъэщIагъуэ. Ауэ дэ иджыпсту нэхъ ныкъусанэгъэ нэхъыщхьэу диIэу кьытIытэр, бзэр фIыуэ зэрытхуэзмыгъэшэрыуэращ. Урысхэм я нэхъ тхакIуэ мыхьэнэншэми и Іэдакъэщ Іэкlэхэр бзэ тыншкIэ тхуэ. Тхылъеджэм и пащхьэ ипхьэр адыгэбзэкIэ тхауэ щытыпхъэщ, итIанэщ и мыхьэнэм зэхуэдэ щыпIтэр. Идралпсту ящыз зиIэм сыт хуейми дунейм къытрегъэхьэр, ауэ дэ ди къэрал тедзапIэм дигу зыхуэмызэгъа кьыщыдздгъэкIыркъым. Нало Заур, Шортэн Аскэрбий, Ащыж Борис, Кьуныкъ Хьэлиишт, Уэрзэй Афлик, Ацкъан Руслан сымэ я тхылъыфI дыдэхэр иужьрей зэманым кьыздэдгъэкIащ.

- ЦIыхум и гур фIы хуищIу, сыт хуэдэ гугъуехьри щигъэгъупщэу, лъагапIэщIэхэм тригъэгушхуэу иIэр унагъуэрщ. Абы и гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Ди щIалэ нэхъыжь Аслъэнбий и Іэщ Іагъэкlэ экономистщ, абы сыщымыгугъыххауэ зыкъызэзкъуихри, уэрэд куэд итхащ, урысыбзэкIи адыгэбзэкIи. УрысыбзэкIэ и уэрэдхэр тету минипщI бжыгъэ хъууэ диск Дон Іус Ростов кьыщыдгъэкIыркъым. Нало Заур, Шортэн Аскэрбий, Ащыж Борис, Кьуныкъ Хьэлиишт, Уэрзэй Афлик, Ацкъан Руслан сымэ я тхылъыфI дыдэхэр иужьрей зэманым кьыздэдгъэкIащ.

- ЦIыхум и гур фIы хуищIу, сыт хуэдэ гугъуехьри щигъэгъупщэу, лъагапIэщIэхэм тригъэгушхуэу иIэр унагъуэрщ. Абы и гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Ди щIалэ нэхъыжь Аслъэнбий и Іэщ Іагъэкlэ экономистщ, абы сыщымыгугъыххауэ зыкъызэзкъуихри, уэрэд куэд итхащ, урысыбзэкIи адыгэбзэкIи. УрысыбзэкIэ и уэрэдхэр тету минипщI бжыгъэ хъууэ диск Дон Іус Ростов кьыщыдгъэкIыркъым. Нало Заур, Шортэн Аскэрбий, Ащыж Борис, Кьуныкъ Хьэлиишт, Уэрзэй Афлик, Ацкъан Руслан сымэ я тхылъыфI дыдэхэр иужьрей зэманым кьыздэдгъэкIащ.

Адыгэр зэгурыгъэIуэгъуейщ. Сэ гу зылъыстараращи, ди лъэпкъыр зыгуэрым щыпэщIэувам деж нэхъ ерыщу, ерыпIынэу пэщIэтщ, и щхьэ Іуэху щыдигъэкIын хуейм деж апхуэдиз ерыщагъ хилъхьамэ, куэдкIэ нэхъ сэбэпт.

- «Адыгский Олимп» фIэщыгъэм щIэт тхылъ гъэщIэгъуэн зэкъуэшхэм кьыдэвгъэкIащ. Абы фызэрыгугъуам, ар зэрызэхэвгъуэвам мащIэу и гугъу уэзгъэщIынут.

- А тхылъыр кьыдэгъэкIынырэ зигу къэкIар си къуэш Хьэсэнщ. Ар езыри спортсмену щытащ, «спортым и мастер» цIэр зэрехьэ. Абы быдэу игугъащ спортсмен кьэс цIыху кьыззэрымыкIуэу, абыхэм ятеухуа тхылъ кьыдигъэкIыну и хъуэпсапIэ щэхут. Іуэхум дытегушхуа иужькIэщ абы гугъуехьу пылъыр щыдгъэунэхуар. Япэрауэ, сурэт тезыхьи дгъуэтырт экъым. Техауэ хьэзыру щыIэ сурэтхэр абы щыгъуэ ядэртэкъыми, спортсменхэр Москва дгъакIуэрэ сурэт кьэс долларищэ еттурэ тредгъэхырт. ИтIанэ, спортсменхэм теухуа очеркхэр тхуэзытхынухэри дымыгъуэту бэлыхь ятелъащ. Спортым ехьлIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьэхэм я хъыбар зэхуэтхьэсурэ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я деж дынэсри, Нало Заур, Іуэт Іэдэм сымэ абы дгъакIуэурэ яхуэдгъэтхащ. Псори зэхэту ильэсих текIуэдащ а тхылъым. Хьэзыр тщIа иужькIэ тхылъыр кьытхуэзэгъэкIын щыдмыгъуэтым, Истамбыл тхьац. А лъэхъэнэр ахъшэм и зэфIэкIыгъуэм ирихьэлIэри, тхылъ тедзапIэгъэ кьыжраIам хуэдищкIэ нэхъыбэ етхын хуей хъуат. Хьэсэн и автомашинэ щIэрыпсри, пэшитI хъу и унэри ищжри абы хилъхьат. Абдежми Іуэхур щызэфIэкIакъым, тхылъыр республикэм хъэтщэжа иужькIэ таможнэм щIэфыдри, абыи хьэлэфэлыкъ дыхаГэтат. Апхуэдиз гугъуехь дыхэта пэтми, етIуанэ тхылъыми дытегушхуэри кьыдэдгъэкIат.

- Иужьрей зэманым нэхъыбэу цIыкIуэхращ узыхутэкIэ. Кьуажэм нэхъ гугъуу кьалъытэ сабий литературэм уэрэдыкъуэкIуам утеэгъэпсэлъыхьынут.

- Псом япэрауэ, сэ сыусакIуэуи сытхакIуэуи зыкъызэрызмылIытэжыр кьыхэзгъэщыну сыхуейт. Сэ нэхъыбэу сыредакторщ.

Университетым кьыщыздеджэхэм псоми зыгуэр ятхырти, сэри сехъуэпса кьыщIэкIынщ. Тхэн щIэздзэри, етхуанэ курсым сыщIэсу си Іэрытхэр тхылъ тедзапIэм кьэсхьу, Къэжэр Пётр щезгъэлъагъум, сIихащ. Зыкъом дэкIауэ кьыщытезгъэзэжьми, си тхылъыр кьыдигъэкIыну зэригъэхьэзырар кьызэIащ. Мыгувэу си япэ усэ тхылъыр дунейм къытехьащ. А лъэбакъуэм сытригъэгушхуэу сытхэн хуеями щхьэусыгъуэ бжыгъэнщэжэм сагъэтхэкIым. Ауэ радиом сыщыщIэм литературэ нэтын щыдгъэхьэзыркIэ лъэпкъ куэдым я литературэ адыгэбзэкIэ зэздзэкIыурэ куэд дыдэ зэхуэсхьэсауэ щытащ.

Сабий усэхэр, адрейхэми хуэдэу, зэзэмызэщ щыстхыр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэу сыщылажьа лъэхъэнэм тхылъ тедзапIэм и советым сыхэтти, илъэсым и планым дытепсэлъыхьну дызэхуэсауэ, сеплъри, сабий тхылъ зыри хэттэкъым. Абы техуауэ сыкъыщыпсалъэм, «Уигу кьеуэмэ, уэ тхыи, кьыздадгъэкIынщ», - кьызжаIати, сыкъэгубжьри, стхат. Иужькlэ къэзрылъху пхъурылъхуэр кьызэрыхуэри абыхэм ятеухуа е жаIа гуэрхэр стхыжрэ си сабий усэхэр зэхуэсхьэса хуауащ. ИтIанэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейт, сабий усэм зэхуэгупсаса зэрахэмытыр, езы сабийхэращ усэхэр сигу кьэзыгъэкIыр. Апхуэдиз, «Жаннэрэ нанэрэ» усэр. Анэшхуэр Жаннэ цIыкIум елъэIуат псы къыхуихьыну, «Алыхь къыпхуэсхьынмэ, нанэ, уэ крушкэр кьысхуущIэх закъуэ», - кьыжриIэжат. «Мамэ, дыгуасэ кьэсхьа двар нобэ си партэгъум иратыжащи, узогъэгуфIэ!», - жызыIари араща.

Иужьрейуэ кьыдэкIа «Анэжькьым и жьакIэ» тхылъыр хуабжьу зыхуей хуэзэу кьызэрагъэпэщат. Урыс Хьэтэлий и къуэм и пхъур Москва щопсэу. Ар си деж кьыщIыхьэри, Москва щыIэ адыгэхэм я сабийхэр адыгэбзэкIэ зэрырагъэджэн тауэрыхъ ямыгъэуэту, хуит сщIымэ, си тхылъ цIыкIур кьыдигъэкIыжыну зэримурадыр жиIащ. Тхылъым усэ зыбжанэ кьыхихщ, елIалIэу сурэт хуригъэщIщ, мылькуIэ кьыдэIэпыкъуни кьыгъуэтыжри, кьыдигъэкIащ. Иужькlэ тхылъым и Іэтэуевэ Сэралъп Мадинэ и Артцентрым щыхуащIыжащ.

- Редактор лэжьыгъэр, шэч хэмылъу, къалэн тыншкъым, лъэпкъ литературэм и нобэрей щытыкIэм абы хуэдэу щыгъуазэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сыт хуэдэ литературэ диIэ нобэ?

- Редактор лэжьыгъэр зэрыгугъуи абы зэ зезыпщытар щыгъуазэщ: гукъанэ фIэкIа фIыщIэ лъэпкъ кьызыхэмыкI Іуэхущ ар. Зы тхыгъэ зэзгъэзэхуэжьын щхьэкIэ я нэхъ мащIэу щэрыщэ, пIлэрыпIлэ ебджэжын хуей мэхъу.

Курыт еджапIэм зэрыщщагъаджэ тхылъхэм сигу зэрыхуэмыгъуэр ищIэрти, Ацкъан Руслан кьызэлъэIури редактору лэжьэн щIэздзащ. Сабийхэр зэреджэ тхылъхэм куэд хуошхьэ. УхуэшхыдэкIи мыкъэнэ иIэкъым, ар кьыздэдгъэкIахэм зэфIэкIыу яIэр халъхьащи, ауэ пцIыр сыткIэ щхьэпэ, гугъу зыдезымыгъэхьэхэри мащIэкъым. Курыт еджапIэкэм зэрыщеджэн тхылъу кьыздэдгъэкIыжкам кьидмытхыкIыжауэ куэд яхэтткъым. ЩапхъэхэрэкIэ, усэхэр, тхыгъэхэр зыдохъуэкI, сабийм и нэм кьыIуидзэм куэд елытащи, сурэтхэри нэхъ егупсысауэ кьыхьыдох. Абы щыгъуэми я нэхъ мащIэрауэ, адыгэ тхылъхэр зэрызэхэдгъэхьэн программэ кьудей диIэкъым. Ауэ ди тхылъхэр иджы нэхъ зыхуей хуэзауэ кьыщыдзкI кьэхъуахьым, зэрылажьэн тетрадхэри псоми ящIыгъужщ.

ЛитературэмкIэ кьэдгъэзэжмэ, дэнэкIэ уплъэми щыыткIэр щызэхуэздащ. Урыс литературэм и Іуэхур хэплъагъуэщ, дэ тщIыху классикхэм пщIэ лъэпкъ яIэжкъым, етIуанэ махуэм пхъэнкIийм хэбдзэжьын защIэщ дунейм кьытехьэр, ари я тиражыр мин бжыгъэ хъууэ. Ар ахъшэ зэращI Іуэху ящыжащи, литературэм и Іэфыр щIалъэсыкI. Ди тхылъ тедзапIэм кьрахьэлIэ Іэрытхэм зыгуэр кьызэрыкIуэ яхэтмэ, сыгу фIэу си Іэщхьэлащхьэр дызохьейри, солжжь. Ди тхылъ тедзапIэм кьыдигъэкIа тхылъхэм яхэтщ хамэ кьэралыдзэкIэ зэбдзэкIмэ, узытемыукIытыхьыну, дуней псом щагъэвэхэм кьакIэрымыхунухэри. Дыкъэзыухъуреихь гъащIэм кьэзыдыкIыну игъэуэтами, адыгэм игукIэ и псэкIэ зихъуэжакъым Тхьэм и фIыщIэкIэ. Адыгэ дунейр адрей лъэпкъ зызыгъэпIийхэм нэхъра апхуэдизкIэ нэхъ лъагэщи, абы и хъыбар зэхэзых псоми яГъэщIагъуэ. Ауэ дэ иджыпсту нэхъ ныкъусанэгъэ нэхъыщхьэу диIэу кьытIытэр, бзэр фIыуэ зэрытхуэзмыгъэшэрыуэращ. Урысхэм я нэхъ тхакIуэ мыхьэнэншэми и Іэдакъэщ Іэкlэхэр бзэ тыншкIэ тхуэ. Тхылъеджэм и пащхьэ ипхьэр адыгэбзэкIэ тхауэ щытыпхъэщ, итIанэщ и мыхьэнэм зэхуэдэ щыпIтэр. Идралпсту ящыз зиIэм сыт хуейми дунейм къытрегъэхьэр, ауэ дэ ди къэрал тедзапIэм дигу зыхуэмызэгъа кьыщыдздгъэкIыркъым. Нало Заур, Шортэн Аскэрбий, Ащыж Борис, Кьуныкъ Хьэлиишт, Уэрзэй Афлик, Ацкъан Руслан сымэ я тхылъыфI дыдэхэр иужьрей зэманым кьыздэдгъэкIащ.

- ЦIыхум и гур фIы хуищIу, сыт хуэдэ гугъуехьри щигъэгъупщэу, лъагапIэщIэхэм тригъэгушхуэу иIэр унагъуэрщ. Абы и гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Ди щIалэ нэхъыжь Аслъэнбий и Іэщ Іагъэкlэ экономистщ, абы сыщымыгугъыххауэ зыкъызэзкъуихри, уэрэд куэд итхащ, урысыб

Темытыжмэ щIылъэм Лъагъунысгъэ 70

Псалъэ купщIафIэ

Арсенрэ сэрэ зы курсым дыхэсу илъэситхукIэ дызэдеджащ. Дыдэзыхьэхыр адыгэ Іуэхут, дигу щIэуэри арат, ди псалъэмакъэхэри нэхъыбэу зытеухуар лъэпкъым и блэкIамрэ къэкIуэнымрэ.

ДЖЭРЫДЖЭР гулъытэ зиIэ щIалэщ. Абы адыгэ псалъэм и мэ Iэфы къыщIехьэ. Арагъэнщ Арсен усэ тхынри къыщIехьулIэр. Ялэ дыдэу абы и усэхэр «Адыгэ хасэ» блын газетым 1965 гъэм къыстехуаеу щытащ, итIанэ - «Университет гъащIэ», «Ленин гъуэгу» газетхэм.

Арсен езым и хъэтI дахэ иIэжщ. Абы и усыгъэхэр нэгъуэщIым ейм хэбгъэзэрыхьынкIэ Іэмал иIэкъым. И ялэ усэ тхылъымкIэ къэбэрдей поэзием макъ дахэкIэ ар къыхьыхьащ, жысIэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Абы и «Жэщ уэрамхэм» куэд дихьэхауэ ещанэр...

Илъэс зыбжанэ докIри, Арсен сабийхэм папщIэ нэгъуэщI зы тхылъи дунейм къытрегъахьэ. Абыхэм кIэщIу къакIэлъэкIуэ «Уэрамыщхьэ» усэ сборникри. Ауэ Джэрыджэм и зэфIэкIыр псом хуэмыдэу журналистикэм щигъэлъэгъуащ.

Джэрыджэ Арсен иригъэкIуэкI псалъэмакъ дахэхэм илъэс тIощIым нэблагъэкIэ радиом едаIуэхэр, телевизор еплъэр дихьэхыу щытащ. ЖиIэм зы псалъэ хэбдзыну хэмылъу, ар адыгэ унагъуэхэм тхьэмахуэ къэс щэ-плIэ «ихьэрт».

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыщыта зэманми, «Кабардино-Балкарская неделя» газетым и редактору, щэнхабзэмкIэ министрым и къуэдзэу щылэжьами, Джэрыджэм псалъэ купщIафIэ къыззэригъэтыфыр, куууэ гъащIэм зэрыпхыплъыфыр, и зэфIэкIэр зэрыинур кьигъэлъэгъуащ.

Арсен и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу. Лъэпкъым, хэкум хуищIэну и гум илъ дахагъэ псори абы кьехъулIэну дохъуэхъу.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Дахагъэр махуэ къэс псэкIэ зыщIыгъу

«Гъуэгу псоми Рим ухуашэ», жаIэ. Джэрыджэ Арсен и дежкIэ апхуэдэ «Риму» жыпIэ хъунущ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Абы и гъащIэ гъуэгум дэнэкIэ имыгъэзами, и адыгэ газетымкIэ къриIуэнтIэкIыжащ.

1965 - 1970 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщIэсам Арсен жыджэру хэтащ литературэм, гъуэзджэм щытепсэлъыхьу, езыхэм ятхахэмкIэ щызэдгъащIэу студентхэм къызэрагъэпащауэ щыта кружокхэм. А зэманырщ Арсен и ялэ усэхэр газетхэм къытехуэу, радиокIэ къату щыхуеижьари. ЕджапIэ нэхъыщхьэр хъыщиуха гъэм дунейм къытехьащ и ялэ усэ тхылъ цIыкIури, «Жэщ уэрамкэр» зыфIищар.

Университет нэужьым мазэ зыбжанэкIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьауэ, Джэрыджэр дзэм ираджащ. Ар зэфIигъэкIыу къызэрыкIуэжри журналисту мэлажьэ. Шэджэм район газетым, «Ленин гъуэгум» и корреспондент, радиом и редактор нэхъыжь, телевиденэм и редактор нэхъыщхьэ, «Кабардино-Балкарская неделя» газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъухэм зэрытащ. Радиом едаIуэхэм фIыуэ ялъагъу «Жьэгу пащхьэ» радиожурналыр гъэхьэзырын щIэзыдзахэм яхэтащ Джэрыджэр, «Пшынальэ», «Аркъэн» нэтынхэри къыьэригъэпэщу, иригъэкIуэкIыу щытащ, пьэпкъ телевиденэм и лэжьигъэми щIэ куэд хилъхьащ.

Арсен 1998 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым кьигъэззэкри, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Абы и лэжьэкIэм укIэлъыплъа, уепсэлъылIа иужь уогупсыс: «Арсен хуэдэхэрат ди школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм егъэджакIуэу щыгъэлэжьэн хуейр. Езым ищIэмкIэ, зыхуэIэзэмкIэ ар щIэблэм ядэгуэшамэ, пьэпкъ псом дежкIи щхьэпэ хъунт. Зи ужь ихьа Іуэхум и купщIэм зэрынэплъысыр, и кIэм зэрынигъэсыр щIалэгъуэм яхипщэфратэмэ, ари фIыгъуэ мылъытэу къыщIидзыжьынтэкъэ?!»

Джэрыджэм газетым щрихьэкIа лэжьыгъэр нэхъ гугъуэм, абы къыдэкIуэуи, фэжагъуэхьэм ящыщщ. Зэджэж тхыгъэхэм мыгурыIуэгъэу, мытэмэмагъ хэтхэр зэригъэззэхуэжрэ, ятхар умылъагъужу къыщыщIидза щыIэт. Тхыгъэхэр зи хъэлэмыпэм къыщIэкIахэри ириджэу (етIуанэ гъуэгу апхуэдэ щыуагъэхэр яIэщIэмыкIын щхьэкIэ) ящиижьыри и пщэм къыдэхуэу. «Уэ езым щIэрыщIэу птхыжамэ нэхъ тынштэкъэ, Арсен?» - жыпIэу деупщIмэ, ари идэртэкъым: «Сэ стхьжкIэ зэфIэкIрэ? ЩIалэгъуалэм я щыуагъэхэр ялъагъужьи, зэрагъэззхуэжьи хуейкъэ?» ИкIи пэж дыдэу егупсысырт ар Іуэхум, уэзрыпэрыуэн псалъи бгъуэтыртэкъым: газетыр кьыдагъэкIын хуейуэ къызыхуэнэнухэм уадэмылажьэу хуэнукъым. Апхуэдэ къалэныщхуэ зэгуэр зи пщэ къыдэхуэну щIалэгъуалэр Арсен нобэ щIигъэIущыр аращ. Лъэпкъым и пщэдейм гулыцI хузиIэхэрщ сыт щыгъуэ лъэхъэни псэкIэ нэхъ гугъу ехьхэри. Апхуэдэхэм, ди нэхъыжьхэм «ЦIыху пэжщ» зыхужаIэхэм, ящыщщ Джэрыджэри. Иджыпсту Арсен «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщIщи, лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн егъэзащIэ иджыри - ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI тхылъхэр щыуагъэшэ, еджэгуафIэ зэрыхъуныи иолIалIэ.

Илъэс зыбжанэкIэ ар КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Іуэхущ1апIэхэмкIэ и министрыми и къуэдзэу щытащ, «Іуащхьэмахуэ» журналым жуап зыхь и секретаруи лэжьащ. А IэнатIэхэми абы къыщигъэлъэгъуащ щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр, Іуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр.

Щэнхабзэм, гъуэзджэм хьэщыкъ ищIахэр, къэрал къулыкъым зи гъащIэр тезыухуахэр цIыху армыуэ, нэгъуэщI зыми хуэмысэбэну ятеIукIащ. Ауэ журналистикэм, усыгъэм я закъуэкъым Арсен бгъэдэлъ зэчийм къызэщIиубыдэр. Фым гу лъызытэ, дахагъэр махуэ къэс псэкIэ зыщIыгъу цIыхуу ар. И лэжьыгъэкIэ зыщыгъуэзэн хуей IэнатIэхэм - политикэ, тхыдэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, нэгъуэщI куэдми - нэмыщI Джэрыджэр ауэ сытми Іэпщ1эплъапщIэ! Жыг гъэкIыкIэми, хадэ къэкIыгъэхэр зэрызехьапхъэми, техникэми, ухуэныгъэми, кIэщIу жыпIэмэ, цIыхур псэун папщIэ зыхуейуэ ар зыхуэмыIэзэ гъуэтыгъуейщ. И хьэл-щэнкIи нэхъ зэтеуIыда, щабэ уигъэлъыхьэнщ, жыхуаIэм хуэдэщ, гушыIэ дахэ зыхэлъщ Арсен.

ДгъэщIагъуэу нэгъуэщI щэни дыдолъагъу Джэрыджэм. Пасэм адыгэхэм я быным щытхъуныр (абы батэ игъэшами, лыгъэшхуэ зэрихьами) емыкIуу къалъытэу, «ФIымэ, цIыхухэм ялъагъунщ», жаIэу щытащ. Арсени хэлъщ апхуэдэ хьэл. И адэ-анэм ядилъэгъуахэр езыми хэпща хуауэ арами, нэгъуэщIми Тхьэм ещIэ. И щхьэгъусэ Риммэрэ Арсенрэ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщи, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм (куэдым зыщIагъэпагэ щIэныгъэ нэхъыщхьэри, зыщIэбгъэщIэгъуэн зэфIэкIи яIэми) тепсэлъыхьу, иригушхуэу плъагъунукъым. Я Іуэху зытетым ущIэупщIэмэ, жэуап щыбгъуэту аркъудейщ. ЩIалэ нэхъыжь Аслъэнбий республикэм и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдми къыщащIыхуа усакIуэщ, макъамэтхщ, узрэджыIакIуэщ, нэхъыщIэ Алимии дежьэх гъуэзджэм. Ипхъу ингаIуэ дахэу мэпсэу. Мыхэри Арсен къыпкърытха щэхуэкъым.

Джэрыджэр УФ-м и Журналистхэми ТхакIуэхэми я союзхэм хэтщ. Илъэс куэд хуауэ зэпэлэу республикэм зэрыхуэлажьэр къалъытэри, абы 1999 гъэм къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр.

Илъэс куэд хуауэ Арсен зыцIыхухэм ди гуапэщ къыхуащI пщIэм кIэрыкъуу, и гуащIэм хэмыщIу, узыншэу псэуну, и къуэрылъху-пхъурылъхуэм ягъэгуфIэу и унагъуэм дахэм ящхьэщытыну.

ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ.

* * *

ЦIыхухэм япэм ятелъащ бэлыхь,
Къахуэмыщ1эу щIыр зэтезыIыгъэр.
Къахьащ ящыщ куэдми гуэныхь,
Пщ1ыуэ хъыщIэкIыжурэ я гугъэр.

Хэти жиIэрт, джей иницым щIыр,
Тепщэчышхуэм хуэдэу, я щIыб илъу.
Адрейм щиIуэжырт пщIыуэ ар,
ЖиIэу дуней иныр выбжьэм дэлъу.

Хэти жиIэрт нэхъ тэмэму щIыр
Пылым и щIыб илъу къэлъытэныр,
Зыгъэбагъуи щыIэт нэхъри пщIыр,
Благъэу жиIэу щIыр зышэчыфынур...

Иджы жаIэр имыIыгъуу зым,
Щыджэрэзу вагъуэхэм я лъахэм
Къыжьэхэуэм вагъуэ къуапэ щIым,
Щэщэжыну, ещхьу шэрхъыжь кхъахэм.

Ауэ ахэр схуэщIкъым сэ си фIэщ,
Дауэ хуейми хэти ирегугъэ.
ЩIыр зытезыIыгъэр, фщIы фи фIэщ,
ЗыхужаIэрщ цIыхухэм Лъагъунысгъэ...

Сэ абыкIэ къэсхыыркъым зы шэч:
ЩIылъэр лъэлъэжьнущ зэман гуэрым.
Етщ1э псори тфIэщIми щIым хуэшэч,
Къигъэчэнущ хэтми зыгуэрым.

Ауэ, жыфIэт, зыгъэчэнур хэт?
Джейхэр?
Пылыр?
Благъуэр?
Е выра?
Хьэмэ хуэззу вагъуэ щиж сыхьэт
Ди нэвагъуэр щигъэжьынура?

Ари, хьэуэ, схуэщIыркъым си фIэщ,
Дауэ хуейми хэти ирегугъэ...
ЩIыр щымыIэжьну сэ къысфIощI,
Темытыжмэ щIылъэм Лъагъунысгъэ.

Кином

Аргуэру зауэ, зауэ гущIэгъуншэ,
Топышэ къачэм щэIуу щIым дэгыз,
Нэкlу балигъыфэ хъуа сабий зеиншэ,
Топышэ мафIэм фIыцIэу къыхиху гъуэз.

Джэрыджэ Арсен и усэхэр

Аргуэру зауэ... лыгъэм ищта къуажэ,
Хьэщхьэрыlуэдзэу ди щIыр зыфыщI бий.
Ажал зыгуэшу гъуахъуэу танкыжь къажэ,
Анэ диям и бгъафэм щIэлъ сабий.

Аргуэру зауэ - жыжьэу лъеижауэ
Сабий джэгуахэм яIэщIэлъа топ.
Сэлэт «жеям» фэеплъу хуагъэжауэ
Хадэкум итым хуэкIуэу сабий гуп.

Аргуэру зауэ - залыр къыдэпсалъэу
ЕджапIэр узгум бомбэм ирепхъэж...
Нэпс пщтыр хъуахэр бгъэгум фIытелъалъэу
И бынхэм анэр кином щыIуоплъэж.



* * *

Щымщ дунейр, щIэгъуэлъхьауэ жэщ бгъафэм,
Анэ куэщIу, мамыру щожей.
Нэгу щIокIыжыр зэгуэрым и тафэм
ЩекIуэкIауэ щыта зауей...

Исырт псори зауаем, илыпщIырт.
Яжьэ джанэм щIы щхьэфэр ихуэт.
Щалъхуа щIым иращIэжыр щилъагъукIэ,
Іугъуэ фIыцIэм хэлъ уафэр кIэзыэт...

Щымщ дунейр, щIэгъуэлъхьауэ жэщ бгъафэм,
Анэ куэщIу, мамыру щожей...
IэщIэкIыхукIэ зы вагъуэ, жэщ уафэр
Къыхэщтыкlыу хуоплъых щIы хъурейм.

* * *

Щхьэлтет дадэм и пыIэ къыпфIэщIу,
ФIэз къэхъуащ ди жыгыщхьэм уэс,
Кърепхъыхыр аргуэру иухуэнщIу,
КъыпфIигъэщIу жьым вагъуэхэр щес.

КъытотIысхьэ щIы щхьэфэм къауцу,
Іуащхьэ щIыкIухэр пщащэбгъэу хужь ящI,
Уэгум итхэр щхьэфэм къэмысу
Къэнэн хуэдэ, мэпIащIэ, зоIунщI.

ЩIым къэсам и хужьыгъэ пщIыпщIыжым
Псэм кърет, дыIуплъам, насып чэф.
ДогъэщIагъуэ икIыхукIи щIэщыгъуэр,
Шырыкъу ин уэс къесам пхыдолъэф.

Къыкъуокl дыгъэри, хуеIэу къуэкIийхэм,
Уэс хужьыбэм нэпс фIыцIэ къыщIеху...
Сыт хуэдизу хужьами, къуэ джийхэм
ФIыцIэ хъуауэ уэс гъащIэр щеух.



Уэрамыщхьэ

Си адэшхуэм иIэщ шыкIэпшынэ,
Пшынэр пфIэщIырт абы къыдалъхуа.
ЗэIэпэгъуэмэ, къамылъыхуэт унэ,
Жьыр я дамэт я бзэ утIыпщам.

Зэхэуамэ пшапэр, зэрамыщхьэм
ЗэрыIыгъыу а тIур щитIысыкIт.
Заукъуэдийм, ягъэтIысу гущхьэр
Я уэрэдым пащIэр пилыгъукIт...

МыIэщакIуэт, мызауэлIт си дадэр,
Іэщ1у иIэр псалъэ щIэгъэщхьуат.
Я жагъуэгъуу ягу кьихьар зи мардэр
Пшынэмрэ абырэ кьыздэхьуат.

Жэщ гупсысэхэр си лъахъэщ,
Хьэхэм пщIэууэ зафыщIыж.
Сэ аргуэру, мис, си плъапIэщ
Уэ уи вагъуэу хъуар имыж.

Гум къокIыжыр ди блэкIахэр,
Сохъур зыри слъэмыкIыж.
Зэм къысщохъур хьэ щыкIахэм
Махуэ схьыхэм зыпащIыж.

Зэми си пщэр мазэ ныкъуэм
И зы къуапэм фIызодзэж,
Ар итIани гъащIэ напэм
СхуемыгъэкIуу соукIытэж.

ПщIэжкъэ, «Модэ, мор си вагъуэщ, -
Жьыпlэу Іэпэ зыхуэпщIар, -
Вагъуэ ижмэ, гузэвэгъуэщ,
ГъащIи йожыр» - щыжьыпIар?

Соплъыр нобэми уи вагъуэм,
Мэлыд, и пIи имыкIа.
Уэ сыт пщIэрэ мы жэщ гугъум,
Сытхэр уи гум къысхуэкIа?

Ущыт сэщхьу уеплъу вагъуэм,
Теплъэгъуауэ си сурэт?
Е си вагъуэр хуэпщIу тыгъэ
НэгъуэщI гуэрым убгъэдэт?

Дунейр къысхуэбгъанэри си закъуэ
Уежьэжащ.
Уежьэжащ
Къыпфlэщlу
Иухауэ тхьэм
Мыбдеж сыщытыну си щхьэ закъуэу

Уедэlуакъым зыми:
Ди блэкIам
Зыфlидзат уи Іэблэм
Нэмэзыщыгъэу,
ЗэщIикъуэжри хуабагъ къыхэнар,
ЩIагъуэлъхьат уи гущIэм
СиIэр гугъэу;
Уафэм,
Зиукъэбзри,
Къыпиблат
Бауэ къыскхуэпщIар
Вагъуэ сурэту,
Жьыбгъэм
Гужьеиуэ къыбжиIат
Сыщизакъуэм пхуэзусар уэрэду...

* * *

ПфIэIуэхуакъым зыри,-
Уежьэжащ,
Дунейр къысхуэбгъанэри
си закъуэ.
Уежьэжащ умыщIэу
Дуней псор
Уэрыншамэ
Зэрыхъуар щхьэ закъуэ.



Мэпапщэ жьыбгъэр
Жьы диякIэ,
Къурагъым
Уэсыр щиухуэнщIу.
ЩIымахуэр
Пасэу зэпхъуа жыгхэр
Дыкъащ,
Мэскъыскъыр, гур хагъэщIу.

Мэпlыщlэр жэщыр,
Тхьэмпэ щтахэм
Я Іэплlэ щхьэуантIэм
ЩыкIэзызу.
Щэху дыдэ зыпщIрэ
УдэIуапэм,
КъыпфIощI
ГущIыхьэу дунейр гызу.

МафIэм и псалъэ
Сэ сымафIэщ,
Сэ схэлъхъым
ГущIэгъу.
СызэIусэр пыссыкIыу
Сыгуащ1эщ.
Сэ сымафIэщ,
СхуэIыгъкъым ныбжьэгъу -
Гъунэгъу схуэхъум
Си куэщIу и машэщ.
Сэ сымафIэщ,
СкIуэцIыпIри мафIэгущ,
Дэп жьэражьэу
Мы си бгъэм къыщыблэу.
МафIэр сигуми,
ГуфIэгъуэр си нэгущ,
Псалъэм папщIэ,
Фи жьэгум
Сыщыблэм.
Ауэ сщIыркъым сэ
Зэи зэхэдэ:
Лыгъэу садзым –
Сылыгъэщ-
Солыпщ1эр...
Сэ сымафIэщ,
МафIэнри си фарзщ,
А зы закъуэрщ
Сэ гъащIэм щысхуэзщIэр.

Умыгузавэ

Умыгузавэ –
Сэ нэгъуэщIым
Зэи
Сеубзэрэбзэнкъым,
Уэ утету щIым.
Умыгузавэ -
Сэ нэгъуэщIкIэ
Зэи
СеплъэкIыжьынкъым,
Уэ си жагъуэ пщIым.
Умыгузавэ -
Зэи нэгъуэщI бгъафэм,
СыкъэгумащIэу,
ЕзгъэщIынкъым щхьэр.
Умыгузавэ -
Зэи,
Къехыу уафэм,
Дэ ди зэхуакум къыдыхьэнкъым
Тхьэр.
Умыгузавэ -
Сыкъэсынщ
Зэгуэрым
Уэ уигу къеуэну
Ауэ игу къэкIам.

Умыгузавэ -
Уэ сыкъыумыщIыхуми,
Уэзгъэжьэнкъым,
Уи гур къыщыщджам.

ЛIащ цIыхур,
Дахьр щIалъхьэжыну,
Хьэзыр и машэр,
Мес, ящIащ.
Дакъикъэ бжыгъэ дэкIым -
Сыну
Кхъэм щыхэтIахэм
Зы хэхъуащ.

ХэщIащ зы цIыхукIи
ЩIылъэ гъащIэм,
Зы вагъуи
Уэгум щыункIыфIащ,
Зы анэ гуэрми
И гу лъащIэм,
Псы дыдэу
Гуауэр
ЩIэгъуэлъхьащ.

КъэскIащ щIы щхьэфэри
Бел жанхэр
И щIыфэ щхъуантIэм
ЩеIусам,
Ауэ,
Къэувыlэу,
Дуней шэрхъыр
Къеплъакъым
Гуауэ къытепсам.

Ушэн щигъэту
Зы бзу закъуи
Къыхуэщыгъуакъым
ЦIыху псэуам,
Нэпс щIагъэкIами,
Зы цIыху закъуи
Дехакъым
Машэ къыхуатIам...
ЛIащ цIыхур,
Дахьр щIалъхьэжыну,
Хьэзыр и машэр,
Мес, ящIащ.
Дакъикъэ бжыгъэ дэкIым -
Сыну
Кхъэм щыхэтIахэм
Зы
Хэхъуащ.



* * *

Уэ укъэкIуэнщ
Дунейм и щIэщыгъуэу.
УкъысхуэкIуэнщи
Къыззэрыгуэкl гуэру,
УкъитIысхьэнщ си пащхьэм,
Хьэндырабгъуэр
Зэрыщ1ытIысым ещхьу
Губгъуэ щхъуантIэм.

Сэ си гур хэлъэтынщ,
Бзу Іэрыубыдым и гуу,
СынэIэбэнщи гукIэ,
Щабэу Іэ бдэсльэнщ.
«Уи махуэ фIыуэ», -
Къызжепlэнщ уэ гуапэу.
Фэрыщ1агъ лъэпкъ хэмылъуи
Къыпыпщэнщ:
«Сэ сыкъэкIуаш,
КъэIэбз,
Къэубыд си Іэр,
ЩIы лъагъуныгъэ хъужри
Сэраш,
Сэ къыслыщIащ
Дунейм бэлыхьу тетыр.
СыбгъэфIэрынум -
Гъусэу укъэсщтащ».

Семыгупсысу
НапIэ дахьеигуи,
Сэ гукIи псэкIи
Іэплlэ ныпхуэсщIынщ,
Усщ1ынщи гъусэ,
Вагъуэхэм нэгъунэ
Гуапагъэ мыухыжкIэ
ЩIэзгъэнэнщ.

Къытехьэлъэнщ зэгуэрым
Сигу тхьэмыщкIэм
ЛъагъуныгъэшхуэУ
Гъусэ ищIыгъар.
Къытехьэлъэнщи,
Гъатхэ жэщ мазэгъуэу
Сихьынщ,
Къагурымыlуэу сызыхьар.

Абдежым,
Зыгъэнщи,
Мазэ нурым
Уахътыншэу си псэр
Хэшыпсыхьыжынщ.
«Куэд и гугъати», -
ЖиIэу хъущIэ ди тхьэм
И макъри
И тхьэкIумэм
БлигъэкIынщ.

И къуэ Алим щIигъуу шыгъажэм йоплъ. *1984 гъэ*

Арсенрэ Риммэрэ я унагъуэр. *2002 гъэ*

Зэкъуэшхэм - Іэминрэ Арсенрэ - я унагъуэхэр. *Жэмтхьэлэ, 1975 гъэ*

● Щэнхабзэ

Гъэмахуэм и бзэр усыгъэм и псэщ

ЗыкъэсщIэжри-
гъэмахуэт,
Жызумейри
къэгъагъэрт.
Сыгъуэща зимыгугъэ
Дыгъэм сэ
зыхуэзгъафIэрт.
Сыпсэуну сыгугъэ,
Сыщыlэну сыхъуапсэу
Гъэфlэгъыбзэкlэ дыгъэм
Сыздришэрт и лъапсэм...

Сэралъп Мадинэ и Артцентрым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Жан» литературэ хасэм къызэригъэпэщ уэсэ пшыхьхэм я зи чэзу «Гъэмахуэегъэжьэж» Iыхьэр. Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я уардзунэм и режиссёр Гумэ Маринэ пшыхьыр къыщызэIуихым фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ къызэхуэсахэм.

- АДЫГЭХЭМ фIыуэ ялъагъу гуэр щрагъэжьэжкIэ кIэлъыгъэхуабэ хуащIырт. Дэри а хабзэм дытекIынкъым. Бэвыгъэ, берычэт, хэхъуэ куэдкIэ дызыгъэгуфIа гъэмахуэм усыгъэм къыхина и лъэужьыр нобэ нэIурыт тщащIынуц гьатхэм екIуэкIа уэсэ пшыхьым зи кьеджэкIэр нэхъыфIу къыщалъыта журналистхэм. Гъэмахуэм и бзэр уэсбзэм и псэщ, усыгъэм и бзийм зевгъэумэ, зывгъэпсэхумэ ди гуапэщ, - жиIащ Гумэм.

Республикэм къыщыдэкIгазетхэм, радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэу Щоджэн Iэминат, Дзэгъащтэ Азэмэт, Битокъу Маринэ, Мэкъуауэ Кристинэ, Щомахуэ Залинэ, ныбжьыщIэ цыкIухэу Хьэгъэбанэ Залинэ, Къэшэж Бесльэн, Нэчо Астемыр сымэ усыгъэм и Iэфыр зыхыуаГъащIэу Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, Къаныкъуэ Заринэ, Гугъуэт Заремэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэм кьеджащ.

Усыгъэр зи щIасэхэм Щоджэнцыкъу Iэдэм и тхьилъэкIэ яхуэупсащ тхакIуэм ипхъу Щоджэнцыкъу Нинэ.

Пшынауэ ныбжьыщIэ, пщащэ Iэпэlэсэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ игъэзащIа пшынальэхэр гуIэфIтещIэж ящыхъуат абы къринхьэIа псоми.

Усыгъэм зэпэгъунэгъу ищIахэм бжьыхьэр я пIалъэу зэбгрыкIыжащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЩIэп тонн 14-м нэблагъэ

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и Iуэхущапlэм и лэжьакIуэхэм, «Iущхьэ» Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм хиубыдэу Дзэлыкъуэ районым езыр-езыру къэкI щIэпыр губгъуэм ирагъэкъэбзыкIащ.

НАРКОПОЛИЦЕЙХЭМРЭ район администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэм пэмыжьжьэу, техникэ хэхар къагъэсбэпу, метр зэбгъуэзнатIэ мини 5 щIыпIэм наркотикхэкI зыхэлъ къэкIыгъэхэу тонн 14-м нэблагъэ щрауплыкIащ.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и Iуэхущапlэм и лэжьакIуэхэм, «Iущхьэ» Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм хиубыдэу Дзэлыкъуэ районым езыр-езыру къэкI щIэпыр губгъуэм ирагъэкъэбзыкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и IV зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Кульбаев Чомай Биберт и куэр** дунейм зэрехьэжам къыхэкIыу абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Чемпионыр кърагъэблэгъэж

● Дзюдо

Европэм дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ Словением щекIуэкIа ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэм Урысейм и гуп нэхъыщхьэм япэ дыщэ медалыр къыщыхуихьащ КъБР-м щыщ Шэру Муртаз.

ЯПЭ УВЫПIЭР къэзыхьамрэ абы и тренер Унэшхуэлl Аслъэнрэ Налшык и кхъухьлъатэтедзапIэм къыщрагъэблэгъэжащ я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ. Чемпионым ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч, республикэм и спорт IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ Щэнхабзэмкlэ министерствэмрэ я лэжьакIуэхэр.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, Словением и Марибор къалэм Шэру Муртаз зэIуIиплI щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ икIи зи хьэлъэгъыр килограмм 55-м нэблагъэхэм я гупым дыщэ медалыр къыщихьащ.

Европэпсо зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 41-м икIа зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуа спортсмен 400-м щIигъу.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дэнэ щIыпIи щазэхуэдэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр и кIэм ноблагъэ - командэхэм джэгугъуэ хырых къахуэнэжауэ аращ. Абы щыгъуэми гурыIуэгъуэкъым дыщэ медалхэр зыIэрыхьэнур хэтми.

ЧЕМПИОНЫГЪЭМ ерыщу иризэныкъуэкъу «Автозапчасть»-мрэ «Тэрчымрэ» дэнэ щIыпIэ щыщджэгуми я зэхуэдэу фэ ятетщ - мазэ зыбжанэ хьауэ абыхэм хэт къапэщIэхуэми хагъащIэ. Апхуэдэу къэхъуащ иужьрей зэIущIэхэми. Нарткъалэ щыIэу «Автозапчасть»-р «Нартым» бжьгъэшхуэкIэ ефIекIащ, Арщыдан щыхьэщIа «Тэрчыр» хэгъэрейхэм ящысхьакъым.

Пашэхэм якIэлъеIэ «Союз»-ри Псыгуэнсу щытекIуащ. Аршхьэкlэ сэрмакъдсхэм жэз медалхэм нэхъ лъапIэ мы гъэм яIэрыхьэну фIэщщIыгъуейщ, и хьэрхуэрэгъуэхэр пасэу жьжьэIуэу зэрызэпэщIигъэкIам къыхэкIыу.

КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм къыхэнэныр зэхэкIын папщIэ мыхьэнэшхуэ иIэт ХьэтIохъуащыкъуей къуажэм щызэхэта зэIущIэм. Хьэсэней къикIа «Жулдуз»-р зэрыхагъэщIам и фIыгъэкIэ хэгъэрейхэр щыхупэм нэхъ къыщыхьащIыкIуэтащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщидзэрэ етIуанэу текIуэу аращ «Прохладнэр». Абы и фIыгъэкIэ иужь дыдэ уэвыпIэм икIащ, ауэ гуп нэхъыщхьэм етIанэгъи щыджэгун папщIэ иджыри хуабжьу гугъу зригъэхьын хуейщ.

И лъэр щIэхупа хуэдэщ «Бахъсэным». Мис аргуэруи ар и стадионым къыщыхагъэщIащ, и гъэм топитху къыдагъэкIри. Бахъсэн къалэм къехьэлъэкI хъуауэ къыщIэкIынущ гуп нэхъыщхьэм командитI зэуэ щиIыгъыну.

Иджы щыIуаэз фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ епплIанэ джэгугъуэм къырикIуа бжыгъэхэм: **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **7:1**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Союз»** (Сэрмакъ) - **1:4**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **1:4**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Керт»** (КъэхъуI) - **1:1**, **«Бедик»** (Арщыдан) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:3**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **3:5**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **4:6**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **2:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	24	21	2	1	115-19	65
2.	«Тэрч»	24	21	0	3	67-15	63
3.	«Союз»	24	17	3	4	88-43	54
4.	«Бедик»	24	15	2	7	53-32	47
5.	«Псыгуэнсу»	24	14	4	6	64-43	46
6.	«Псыкуэд»	24	11	5	8	63-59	38
7.	«Керт»	24	10	6	8	65-45	36
8.	«Къундетей»	24	10	2	12	47-66	32
9.	«ЛогоВАЗ»	24	10	2	12	54-59	32
10.	«Налшык»	24	9	5	10	51-48	32
11.	«Нарт»	24	8	3	13	47-56	27
12.	«Родник»	24	6	4	14	47-79	22
13.	«ХьэтIохъущыкъуей»	24	6	2	16	33-63	20
14.	«Прохладнэ»	24	2	7	15	36-83	13
15.	«Жулдуз»	24	3	4	17	38-84	13
16.	«Бахъсэн»	24	3	1	20	33-107	10

● Футбол

Iэрыщ I джэгуплэ губгъуэ Къэхъун къыщызэIуах

Адыгэхэм я махуэм Къэхъун къуажэм Iэтауэ къыщыдзэIуахащ Iэрыщ I топджэгу губгъуэ.

КУРЫТ еджапIэ №2-м и пщIантIэм куэду къыщызэхэсат физкультурэмрэ спортымрэ дихьэххэр. Лъэпкъ махуэшхуэр зэрагъэлъапIэм къыдэкIуэу ахэр хэтынут Iэрыщ I топджэгу губгъуэ къуажэм къызэрыщызэIуахым.

КъызэгъэпэщакIуэ гупым и тхьэмадэ Гулэжьн Беслъэн къызэхуэсахэм зыубгъуауэ яхутепсэльыхьащ Адыгэхэм я махуэм икIи ди ялэ итахэм яхуэфащэ щIэблэ диIэну хъуэхъуащ. Абы и псальэхэм кыпащащ Къэхъун хуэужэ адміністрацым и Iэтащхьэ Къандахъу Леонид, Аруан район администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и къудамэм и унафащI КIурашын Владимир, футболым и ветеран Шыбзыхъуэ Мухьэрбий сымэ, нэгъуэщIхэми.

ДжэгуплI губгъуэр къызэрызэIуахым и щIыхькIэ турнир къызэрагъэпэщат. Абы хэтащ къуажэм и команди. Судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар хъарзынэу иригъэкIуэкIащ.

Зэпеуэ гуащIэм бжьыпэр щаубыдащ топджэгум и ветеранхэм. Абыхэм къакIэлъэкIуэ «Черкес», «Дорожник» командэхэр.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокыр, грамотэхэр, медалхэр ираташ. КъищынэмыщIауэ, къуажьдэс НэщIэпыджэ Альберт и мылъкум къыхэкIыу ялэ уэвыпIэ къэзыхьахэм сом мин 15, етIуанэ хъуахэм сом мини 10, ещанэм - сом мини 5 хуагъэфэщащ. «Керт» фирмэм командэ псоми ахъшэ саугъэт яхуищIащ.

ГуфIэгъуэгу яГэдэхэщ Хьэхъупащ Заур и гъэсэн къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм.

ТЕМЫР Дисанэ.

КъБКъУ-м и гупыр аргуэру ящэ йощ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым волейболымкIэ и цIыхубз командэ кьыхэхам пшахъуэм хэту волейбол джэгунымкIэ КъБР-м и чемпионатым къыщихьа текIуэныгъэм къыщищащ щыхъухъуэм я гуп нэхъыщхьэми - а спорт лIэужьыгъуэмкIэ ахэри республикэм и чемпион хъуащ.

БАХЪСЭН щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм щызэхэтащ пшахъуэм хэту волейбол джэгунымкIэ КъБР-м и зэхьэзэхуэ. Тэрч щIыналъэм и командэ къыхэхам драгъэкIуэкIа кIэух зэIущIэм и зэпэщIэтыныгъэ гугъум 2:1-уэ текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и гуп нэхъыщхьэм. Жэз медалхэр къалъысащ Шэджэм районым щыщ волейболистхэм.

Чемпион хъуа командэм хэтащ КъБКъУ-м «Физическэ щэнхабзэ» къудамэм и ещанэ курсым щеджэ Мамрэш Къамболэтрэ КъБКъУ-м ХъыбарегъащIэ технологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжым и ещанэ курсым щIэс Мухьэмэд Ахьмэдрэ. Спортсменхэр егъасэ КъБКъУ-м Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ факультетым и доцент Коноплёвэ Аннэ. Чемпионатым и волейболист нэхъыфIу къалъытащ Мухьэмэд Ахьмэд.

Зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIыныр даIыгъащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэмрэ Волейболымкlэ федерацэмрэ.

Махуэ псом екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм хэтащ Тэрч, Налшык къалэхэм, Тэрч щIыналъэм хыхьэ Терекскэ жылагъуэм, Шэджэм, Бахъсэн щIыналъэхэм хыхьэ Iслъэмей къуажэм, КъБКъУ-м я командэ къыхэхахэр.

КъЭХЪУН Бэч.

● Волейбол



Налшык дэт «Легион» тренажёр пэшым фокIадэм и 10-м щекIуэкIащ мас-рестлингымкIэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ республикэм и щыналъэ псоми къикIа зи ныбжьыр илъэс 18 - 21-м ит цIыхуи 100-м нэблагъэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым мас-рестлингымкIэ зыгъэсэн зэрыщыщIадзэрэ илъэс зыбжанэ фIэкIа дэмыкIами, абы щIалэгъуалэр хуабжьу дихьэхащ. Республикэм и районхэм пэш щхьэхуэхэр къыщызэIуахащ, езыхэм тренерхэр яIэжщ. Арати, КъБР-м и чемпионатым къигъэлъэгъуэн хуейт дэтхэнэ командэми и екъулIэныгъэхэри нэхъ гулъытэ зыхуищIыпхъэхэри.

ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэм пашэ щыхъуащ Бахъсэн щIыналъэм и гуп нэхъыщхьэр (дыщэу 4-рэ 1 жэзрэ). Адэкlэ къыкIэлъокIуэ шэджэмдэсхэр (дыщэу 2, дыжьыну 3, жэзу 2). Налшык къалэм и спортсменхэм чемпионатым ещанэ увыпIэр щаубыдащ. Абыхэм къахьащ 1 дыщэ медаль, спорт IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ Щэнхабзэмкlэ министерствэмрэ я лэжьакIуэхэр.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, Словением и Марибор къалэм Шэру Муртаз зэIуIиплI щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ икIи зи хьэлъэгъыр килограмм 55-м нэблагъэхэм я гупым дыщэ медалыр къыщихьащ.

Европэпсо зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 41-м икIа зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуа спортсмен 400-м щIигъу.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Мас-рестлинг

Къэралпсо зэхьэзэхуэр къапоплъэ

дыжьыну 2, жэзу 7.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм я хьэлъагъ елъытауэ ягуэша гупхэм нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ Нэгъуэй Астемыр, ПэмпIэжь Алим, БищIо Алим, Тхьэмокъуэ Беслъэн, ЛIыгъур Мурат, Джэрыджэ Астемыр сымэ. Хьыджэбзхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Темыржан Миланэ, Ташу Каринэ, Кайбовэ Луизэ, Ахмадовэ Румисэ сымэ.

Мас-рестлингымкIэ республикэ чемпионатым щыIэтахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ Iэмал къахьуэкIащ илъэс 18 - 21 ныбжьым итхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтыну. Ар жэпуэгъуэм и пэщIэдзэм Налшык щекIуэкIынущ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тиздзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахьы. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Иэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Дол Маринэ, Шыр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1202